

# God's Simple Plan of Salvation taken from I Yahya

## Introduction

1 Yahya 5:13 Dina ieu surat simkuring rek nerangkeun, yen eta hirup langgeng teh ku dulur-dulur geus beunang, lantaran dulur-dulur percaya ka Putra Allah.

### 1. We are all sinners!

I Yahya 1:8 Upama urang ngakukeun teu boga dosa, eta teh tetela ngabobodo maneh tur beda jeung kanyataan.

I Yahya 5:16-17 Upama aya dulur anu milampah hiji kasalahan anu teu matak mateni, pangnedakeun ka Allah, anu tangtu kersa maparin keneh umur ka eta jelema. Ieu teh ngan pikeun anu kasalahanana henteu matak mawa kana hukum pati. Sabab aya kasalahan atawa dosa anu matak mateni. Pikeun anu kitu mah simkuring moal nitah mangnedakeun. Tiap-tiap lampah anu salah kabeh ge dosa. Tapi teu kabeh dosa anu nemahkeun paeh.

1 Yahya 3:6 Anu geus jinek anut ka Anjeunna, tangtu moal milampah dosa. Sing saha anu milampah dosa keneh, hartina can awas jeung can wawuh ka Anjeunna.



**We are all sinners!**

### 2. There is a cost for your sin!

I Yahya 5:19 Urang terang yen urang teh asal ti Allah. Terang yen saalam dunya kabeh aya dina kakawasaan Setan.

I Yahya 5:12 Anu percaya ka Putra-Na, tinangtu baris ngamilik eta hirup langgeng. Sabalikna, anu teu percaya ka Putra mah, hamo bisa ngamilik.

1 Yahya 3:15 Anu mikageuleuh ka dulur, ngaranna maehan. Ari tukang maehan mah, teu kaancikan ku hirup langgeng.

### **3. Jesus died and paid for our sins on the cross!**

1 Yahya 4:10 Dina soal kanyaah; lain urang anu nyaah ka Allah, tapi Allah anu asih ka urang; malahan nepi ka nyelehkeun Putra-Na, supaya ku jalan kitu dosa urang dihampura.



**Christ died for sinners!**

1 Yahya 4:2-3 Pikeun nganyahokeunana kieu: Lamun enya, Ruh dina dirina teh Ruh Allah, tangtu ngaenyakeun yen Al Masih geus sumping ngajadi manusa. Anu teu ngaku ka Isa, tetela roh anu ngancik di dirina teh, lain Ruh ti Allah. Nu kitu mah roh Dajal, nya eta satru Al Masih. Dulur-dulur geus dibejaan yen baris aya anu karitu. Nya ayeuna pisan daratangna maranehna teh.

I Yahya 5:11 Demi aci-acining eta panyaksen kieu: Allah teh, ka urang, ngurniakeun hirup langgeng. Ari hirup langgeng teh, dicangking ku Putra-Na.

### **4. We must put our faith and trust in Christ alone!**

I Yahya 5:14-15 Dulur-dulur bisa ngunjukkeun angen-angen ka Allah kalawan kapercayaan, yen sagala panuhun anu sapuk jeung manah-Na tinangtu dikabul. Sabab terang, yen iraha-iraha oge Mantenna kersa ngadangukeun panuhun urang, yakin yen sagala anu disuhunkeun dina paneda urang tangtu dipaparinkeun.

Roma 10: 9-10,13 Sabab upama biwir ngaku, yen Isa teh Gusti Jungjunan tur percaya dina hate, yen Anjeunna ku Allah geus digugahkeun ti nu maraot, tanwande urang ginanjar salamet. 10 Kapan percaya teh ku hate, ngalantarankeun urang diangken bener. Ari ngaku teh ku biwir, anu ngalantarankeun urang disalametkeun. Sabab sing saha anu sumambat ka pajenengan Pangeran, tinangtu disalametkeun.



*If you want to accept Jesus Christ as your Savior and receive forgiveness from God, here is prayer you can pray. Saying this prayer or any other prayer will not save you. It is only trusting in Jesus Christ that can provide forgiveness of sins. This prayer is simply a way to express to God your faith in Him and thank Him for providing for your forgiveness.*



**"Lord,**

**I know that I am a sinner. I know that I deserve the consequences of my sin. However, I am trusting in Jesus Christ as my Savior. I believe that His death and resurrection provided for my forgiveness. I trust in Jesus and Jesus alone as my personal Lord and Savior. Thank you Lord, for saving me and forgiving me! Amen!"**